**Somerville Public Schools**
Education • Inspiration • Excellence

**Mary E. Skipper**, *Superintendent*

8 Bonair Street · Somerville, MA 02145-3246
mskipper@k12.somerville.ma.us · www.somerville.k12.ma.us
**T** 617-629-5200, x6005 · **F** 617-629-5611

25 Mas 2020

Chè paran,fanmi,ak moun kap travay epi ki asosye ak lekòl pibik Somerville yo,

Nou ta renmen fè w konnen ke Chak Lendi, Mèkredi, ak Vndredi n ap voye enfòmasyon pou nou, pou nou kabap okouran de sa k ap pase. Nan premye pati lèt sa yo ke n ap voye pou ou yo, n ap ba w tout dènye nouvèl, nan dezyèm pati a, n ap di w ki kote w ap kapab jwenn resous. Chak Vandredi, n ap pale w de ki travay pwòfesè yo ap fè pou ede elèv yo kontinye aprann nan moman difisil sa a oubyen pou sipòte kominote nou an. Nou swete ti chanjman sa yo  ap ede nou fè fas ak reyalite ke nou tout ap viv la.

## Nouvo Enfòmasyon ak Resous

**Gouvènè  a fè konnen ke tout lekòl ap ret femen jiska Me:**
Jodia Gouvènè a fè nou konnen ke tout lekòl ak gadri fèmen.Gouvènè a di tout enstitisyon edikasyon yo femen pou jis 4 Me men nou pa konnen.  Pandan ke n ap tann, n ap travay ak tout profesè yo ak elèv yo pou nou kreye yon sistèm korespondans avèk èd tout zouti teknoloji ke nou genyen.Nou konprann anons sa jodia, ke lekòl fèmen pou jis Me poze anpil nouvo defi pou fanmi nou yo, men nou pre pou nou pote kole pou nou fè tout sa nou kapab pou rann tranzisyon an pi swa.

**Sipò teknoloji pou moun ki gen kesyon (an plizyè lang):**
Nenpòt elèv nan ekòl piblik Somerville yo ki bezwen èd kapab rele 311. Yon moun ki pale lang ou ap kapab ede w. Konsa tou ou kapab voye yon e-mail nan 311updates@somervillema.gov.

**Jis pou amizman:**
Ou kapab gade planet Mas avèk aparèy NASA a: https://accessmars.withgoogle.com/

---

## Pwogram ak lyen ki enpòtan

- ***Vinn chache Manje maten ak manje midi!***
  Nou kapab vinn chache manje Lendi a Vandredi 9 am pou 11 am. W ap jwenn manje nan c East Somerville Community School, Healey School, West Somerville Neighborhood School, ak Winter Hill Community Innovation School. Ou pa bezwen idantifikasyon. Pote yon sak si w ap vinn pran manje pou plizyè moun.  Li posib ke w kapab kanpe deyò pou yon bon ti tan, asire w ou abiye pou tanperati a epi swiv regilasyon distans sosyal yo.

- ***Distribisyin kouchèt gratis***
  Pou tout fanmi ki gen ti moun piti, n ap bay kouchèt jiska vandredi 27 Mas. W ap kapab jwenn yo nan tout lekòl nou bay manje yo de 9 am a 11 am.

- ***Pou lòt resous pou manje nan vil la:*** vizite www.somerville.k12.ma.us/food-resources.

**Reosus pou edikasyon**

Bon kalite leson pou tout klass: www.somerville.k12.ma.us/home-learning.

Resous pou elèv Somerville High Schools: www.somerville.k12.ma.us/shs

Lis resus ki soti nan depatman edikasyon elemantè ak primè pou ede timoun engaje ak edikasyon pandan yo lakay yo: http://www.doe.mass.edu/covid19/ed-resources.html

Leson sou entènèt: www.wgbh.org/distance-learning-center

PBS LearningMedia: https://mass.pbslearningmedia.org

Si w bezwen sipò teknolojik tanpri klile sou lyen sa yo Somerville Public Schools Remote Tech Support Contact Form.

**Other Important Links**

- Vizite www.somervillema.gov/coronavirus pou tout enfòmasyon sou kowonaviris la nan Somerville ak lòt resous ki disponib nan vil la

- Kijan pou pale ak pitit ou de kowonaviris la: www.somerville.k12.ma.us/TalkingAboutCoronavirus.

Ann rete an sante epi ann kontinye ede youn ak lòt. Mèsi pou sipò w

Sensèman,

Mary Skipper, Chèf tout lekòl Somerville yo